



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENSTALASYON PONP TÈMIK POU FENÈT POU
REZIDAN LOJMAN PIBLIK VIL NEW YORK YO**

30,000 inite pral enstale pou pi byen reponn ak bezwen chofaj ak refwadisman yo

***Fè pati defi Chalè Pwòp pou Tout Moun nan pou fè tranzisyon nan sous chofaj ki
san gaz fosil***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke eta a ap avanse ak [Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun](#) li a (#CleanHeat4All oswa #CH4A), yon patenarya ant Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) pou devlope yon nouvo pwodwi elektrifikasyon ki ka pi byen sèvi bezwen chofaj ak refwadisman bilding plizyè fanmi ki egziste yo epi akselere tranzisyon an nan sous chofaj ki san gaz fosil. Nan sezon fredi sa a, yo pral enstale 72 inite ponp tèmik pou fenèt pou klima frèt nan apatman NYCHA yo pou bay chofaj ak refwadisman pandan y ap diminye emisyon gaz a efè sè nan lojman piblik Vil New York. Yo pral siveye ak evalye inite yo an detay pandan sezon ivè k ap vini an pou entegre aprantisaj yo anvan yo avanse ak enstalasyon toupatou nan 30,000 inite pandan ane k ap vini yo.

"Lè nou investi nan devlopman ak enstalasyon ponp tèmik ki efikas nan enèji nan enstalasyon NYCHA, Eta New York ap akonpli pwomès li pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a lojman abòdab ak konfòtab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun (Clean Heat for All Challenge) lan dirèkteman adrese dekarbonizasyon bilding yo—pi gwo sous emisyon gaz a efè sè New York—avèk yon apwòch reflechi ak itilizasyon teknoloji inovatè ki konsantre sou sekirite, konfò ak vivabilite rezidans NYCHA yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Inite ponp tèmik inovatè y ap enstale nan lojman piblik nan Vil New York otòn sa a se sèlman kòmansman angajman Otorite Enèji pou l bay sistèm chofaj ak refwadisman efikas pou rezidan NYCHA yo. Premye faz enstalasyon inite sa a pral ba nou konesans nou bezwen pou onore investisman inisyèl pou pwodwi ak enstale tout 30,000 inite yo, k ap benefisye rezidan yo avèk chofaj ak refwadisman fyab, epi redwi anprent kabòn Vil New York la".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun New York la te kreye yon fason ki pi an sekirite, ki pi an sante, epi ki pi efikas nan enèji pou chofe ak refwadi bilding plizyè fanmi epi li reflekte angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pran pou l atenn 2 milyon kay ki bon pou klima atravè eta a dis 2030. NYSERDA fyè pou l fè patenarya avèk NYPA ak NYCHA pou fè avanse teknoloji ponp tèmik pou fenèt yo kòm yon fason rantab pou redwi emisyon sou sit nan bilding yo epi asire ke sitwayen New York ki pi vilnerab yo ka viv alèz lakay yo – kèlkeswa sezon an".

Majistra Adjwen pou Lojman, Devlopman Ekonomik ak Mendèv Vil New York la, Maria Torres-Springer, te deklare, "Chalè Pwòp pou Tout Moun gen pou wè ak amelyore lavi. Kreyativite ak inovasyon ponp chofaj sa yo pral pote benefis imedyat sou kalite lavi pou rezidan NYCHA yo nan moman enstalasyon yo, men anplis, pral mennen Vil New York pi pre objektif rediksyon kabòn nou yo, ki pral finalman amelyore lavi jenerasyon k ap vini yo".

Direktè Jeneral NYCHA, Lisa Bova-Hiatt, te deklare, "NYCHA kontan anpil pou l fasilite enstalasyon 72 ponp tèmik elektrifye nan Kay Woodside yo avèk Otorite Enèji New York ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York atravè Chalè Pwòp pou Tout Moun lan. Enstalasyon ponp sa yo non sèlman bay rezidan yo inite chofaj ak refwadisman pratik, fyab, men tou li pral tou enfòme ekspansyon pwogram nan a 30,000 inite nan devlopman NYCHA yo atravè Vil New York, sa ki mennen Otorite a ak Vil la pi pre objektif dekarbonizasyon nou yo".

Nan kad pwogram Chalè Pwòp pou Tout Moun lan, NYCHA pral achte ak enstale nouvo ekipman epitou li pral reyalize lòt amelyorasyon nan anvlòp bilding yo ak sistèm dlo cho nan kay yo. NYPA ap bay finansman davans ak sipòte aplikasyon defi a, ki gen ladan 70 milyon dola nan [finansman](#) ke Konsèy Administrasyon NYPA te apwouve an 2022 pou finanse devlopman inite ponp tèmik pou fenèt pou klima frèt yo. NYSERDA ap bay 13 milyon dola pou faz demonstrasyon an, ki gen ladan elaborasyon espesifikasyon apwovizyonman, premye acha, siveyans ak evalyasyon pèfòmans avèk lajan ke yo apwouve atravè Plan Operasyonèl nan kad Inisyativ Gaz a Efè Sè nan Nivo Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative Operating Plan).

Teknoloji ponp tèmik la bay refwadisman ak chofaj efikas lè li deplase chalè ant espas andedan ak deyò yo selon sezon an. Pwosesis la reyalize atravè sik refrijerasyon an, ki ka jiska kat fwa pi efikas pase sistèm chofaj tradisyonèl yo, tankou chodyè, ki konte sou konbisyon gaz fosil sou plas pou pwodwi chalè. Sistèm ponp tèmik konvansyonèl ki egziste yo difisil pou enstale, patikilyèman nan inite ki okipe yo. An konsekans, anpil operatè prefere retade konvèsyon elektrik an favè ranplasman similè sistèm gaz fosil yo.

Inite ponp chalè pou fenèt yo devlope pou satisfè Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun lan pral pèmèt elektrifikasyon rapid nan pri ki ba nan chofaj espas yo nan bilding multi-famlyal yo lè yo redui oswa elimine anpil nan faktè pri ki ineran pou enstale teknoloji

ponp tèmik ki egziste deja nan apatman ke rezidan yo rete yo, tankou amelyorasyon sistèm elektrik, tiyo refrijeran ki long epi pèsaj ak penetrayon mi. Fabrikan ponp tèmik yo—Midea America ak Gradient—ap bay yo chak 36 inite otòn sa a pou siveyans konplè pandan sezon ivè k ap vini an. NYCHA te kòmanse enstale inite Midea America yo jiyè epi li pral kòmanse enstale inite Gradient nan mwa desanm.

Midea America, ke yo te akòde yon kontra pou 20,000 inite, se yon manifakti aparèy mondyal ki te fonde an 1968 epi ki gen katye jeneral nan Lachin ak nan Etazini, 11 faktori atravè glòb la, ak pwodiksyon anyèl 67 milyon inite. Yo se yon lidè sou mache nan klimatizasyon chanm ak yon gam AC (klimatizatè) pou fenèt, dezimidifikatè ak lòt AC ki anbale ki gen klasifikasyon Energy Star.

Fonde an 2015, Gradient se yon konpayi demaraj ki baze nan San Francisco, Kalifòni ke yo te akòde yon kontra pou fabrike 10,000 inite. Inite yo pwopoze a pral yon ponp tèmik pou klima frèt ki kapab opere nan tanperati ki fèb dapre espesifikasyon NYCHA yo. Konpayi an gen entansyon fabrike pwodwi a sou teritwa Etazini.

Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun

Defi Chalè Pwòp pou Tout Moun lan dirèkteman sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta New York (Lwa Klima) ak Lwa sou Mobilizasyon Klima Vil New York (New York City Climate Mobilization Act) la, ki tou de mande yon rediksyon 40 pousan nan emisyon gaz a efè sè nan bilding yo dis ane 2030. Lè li pwofite pòtfèy 2,198 bilding rezidansyèl NYCHA, Chalè pou Tout Moun fèt pou ankouraje inovasyon ak kwasans pwodwi sa a Etazini nan pozisyon NYCHA kòm yon premye adoptè teknoloji sa a, pandan y ap bay rezidan NYCHA yo yon sistèm chofaj ak refwadisman modèn ke yo ka kontwole dirèkteman.

NYCHA estime yon bezwen pou apeprè 156,000 ponp tèmik pou fenèt pou klima frèt pandan senk a dis pwochen ane yo pou elektrifye pòtfèy li a pou atenn 80 pousan rediksyon gaz a efè sè dis 2050 dapre Lwa Lokal 97 (Local Law 97, LL97) Vil New York la. Anplis NYCHA, yon inite konsa ap aplikab pou lòt gwo administratè pòtfèy yo ki gen ladan lòt operatè lojman piblik abòdab ak inivèsite yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35%, avèk yon objektif 40%, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwen pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70% pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase

165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000% nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon, vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)